

## JESUS FEEDS FIVE THOUSAND PEOPLE

John 6:1-21

### Lesson 95

Memory verse: “*Brothers, be imitators of me, and note those who walk this way, even as you have us for an example.*” Philip. 3:17

## YESU AHAZA ABANTU. AKARORERO MU BIKORWA.

### Icirwa ca 95

#### Yohana 6:1-21

Ijambo ngenderwako : « *Bene data, munyigane mwitegereze abagenda batwigana, nk’uko mudufiseko icitegererezo.* » Abo i Filipi 3:17

#### I. K’umusozi

Igihe ciza kindi cari gishitse aho Yesu yagomba kuraba aho abigishwa biwe bageze mu kwizera kugira ahereho ababere akarorero mu bikorwa.

Umwanditsi Mariko nawe yaranditse iyi nkuru. **Marko 6:31** «*Arababwira ati : Ni muze mwebwe mwenyene ahiherereye mube murarahuka gatoya.* » bari bakeneye akaruhuko k’umubiri. Ishengero rirabimenya ko ariho bari, baca babasangayo. Intumwa zashatse kubirukana kubera impamvu zibiri :

1. Iyumvire akaruhuko mwateguye, kavogerewe n’abantu 20.000 babasugereza impande zose.
2. Intumwa zari zibona ko bashobora kugiriranira ikibazo n’abatware mu gihe abantu batangurira kurwa hasi kubera inzara. Yesu we yamana umutima w’impuhwe kubo yakunze, ntaho arekera abiwe mu vyago. **Mariko we 6:34** « *Abona ishengero rinini rimutera akagongwe kuko bameze nk’intama zitagira umwungere.* » bisigura ko : batagira abayobozi bazima, badafise Umucunguzi, biswe n’inzara, bari ku mpfiro... Yesu yari ahaserutse nk’Umwungere mwiza. Ntiyigeze ahusa akaryo ko gutabara, kubabarira...

Yesu yabereye akarorero intumwa ziwe ko kugirira impuwe uwubahungiyeko. Uyu mutima niwo ishengero n’abizera bakwiye kugirira uwo wese arihungiyeko (Abananijwe n’ivyaha, abashonje, ababuze ico bambara, ababuze uburaro... )

## **II. Akaryo keza ko kwimenyekanisha.**

Abantu barashonje kandi baranyotewe, bakeneye kurya. Yesu abaza Filipino aho bogurira imitsima ngo babagaburire. Filipino yavuka muri iki gisagara, yobaye azi aho vyogurirwa. Aramwishura ngo naho hoba imitsima y'ideneriyo 200 ntiyobakwira. Izi deneriyo angana n'idollards rya amerika 7.600. Aka kari agafindo ngo arabe aho bageze mu kwizera. Uyu arananiwe kukibazo cabajijwe.

Andereya we yerekanye umuhungu afise udutsima dutanu twa sayiri n'udufi tubiri. Aca yivugira ngo : « Ariko tumaze iki ku bantu bari ngaho ? » Nawe nyene arananiwe agafindo katanzwe na Yesu.

## **III. Yesu, akarorero mu kwigisha akora.**

Umwami Yesu yumvise inyishu zitanzwe n'abishwa biwe, Arababwira ati ni mwicarike abantu. Yakira ya mitsima n'ifi arabihezagira bica biragwira babigaburira abantu. Iki gikorwa yesu yakoze catumye ishengero riduza ukwizera. Umurongo wa **14** : Bano bantu babonye ikimenyetso akoze, baravuga bati : « *Ni ukuri uwu ni wa muntu avugishwa n'Imana yari akwiye kuza mw'isi.* » baca bashaka kumwimika nk'umwami wabo.

Guhidura abantu kuba abigishwa ba Kristo si amajambo y'ubwenge canke ubweranda gusa, birasaba kwerekanira urukundo rwa Kristo mu bikorwa vy'impuhwe kubabikeneye kurusha abandi.

Umwigisha mwiza, yerekana akarorero muvuyo yigishije. Yesu Kristo asazwe ariwe yaremye ibimera vyose, ariko yabanje kubihezagira. Aka kari akarorero ku bigishwa biwe. Abantu benshi barakengera amasengesho y'imbere yo gufungura. Birakwiye ko ushimira Imana imbere yo gufungura kuko hari n'abandi baba babibuze.

## **IV. Agaciro k'ivyasengewe.**

**Soma umurongo wa 12na 13.** Bari bamaze no guhaga ; barashobora kubireka bakigira. Umwami Yesu ateguka ko bavyegeranya. Kubizera Umwami Yesu, mugihe ubaye uri umutunzi w'ibintu, si vyiza gusesagura ivyo wahawe n'Imana mu gihe haba hari abandi babikeneye. Nico kimwe n'ibitangwa m'urusengeru : amashikanwa canke ivyacumi, muvyeze canke amafaranga. Iyo biramutse

bikoreshejwe nabi mw'isesagurwa ; bibabaza Yesu kuko bene kubitanga bazobisubizwa umurengera nawe bageze mw'ijuru.

**Ibiseke icumu na bibiri** : Yesu yagwijije Imitima n'amafi bikwiye abaraho bose kuburyao hategerezwa gusigara ibiseke 12 bikwiranye n'intumwa. Umwe wese na Yuda agira ico yikoreye. Imana irazi ibikenewe vyose k'ubuzima bw'umuntu.

#### **V. Gushira mu ngiro.**

Pawulo yasavye ab'i Filipi kumwigirako. Yari azi ko inzira ariko aracamwo ari yayindi Kristo yacamwo. Hari ikibazo kuri wewe : Mbega iyo uravye ingeso n'ibikorwa vyawe, ubona wohamagarira abantu n'abana bawe gukurikira inzira yawe ? Witeguye kuzosiga iki kw'isi c'akarorero abandi bazosigara barakwibukirako ?

Kahise kawe kabaye kabi ariko hamwe no gusenga, biracashoboka ko vyose ubihindura ukabitumbereza inzira ya Yesu.

## NO BREAD YET, PEOPLE DEPART

John 6:22-29

### Lesson 96

Memory verse: *"I have been crucified with Christ, and it is no longer I that live, but Christ living in me. "* Galat. 2:20a

## IMITSIMA IRABUZE ; BARABIHEVYE.

Icirwa ca 96

Yohana 6:22-29.

Ijambo ngebderwako : « ***Nabambanywe na Kristo, ariko ndiho, yamara si jewe ndiho ; ni Kristo ariho muri jewe. » Galat 2:20a***

### I. Intangamarara.

Yesu yahagije abantu bashika 20.000 umutsima n'amafi. Bukeye baje ari benshi kumurondera. Baripakiza ubwato bamusanga hakurya. Baramubaza bati : « *Mwigisha waje ino ryari ?* » ikibazo aracirengegiza, ababwira ati « *Ni ukuri ni ukuri ndababwire ntimundondera kuko mwabonye ibimenyetso, ariko ni uko mwariye kuri ya mitsima mugahaga.* » Boba bariyumviye ngo: igihe co kurya tudakoze kiragarutse nk'uko basokuru barya manu.

Kuri aba bantu ivyokurya vyari ivyagaciro kuko bari babayeho m'ubuzima bwo kurima, kwamura ivyamwa no guhiga. Iyumvire nk'umuyobozi yohora atanga idrya kubo arongoye. Bomwita Muhanyi.

### II. Yesu yimenyesha ishengeru.

Yesu ababwira ati : « *Ntimugakorere ivyokurya biyoka, ariko mukorere ivyokurya bihoraho bizana ubugingo buhoraho.* » birashoboka abantu bakiruka cane ndetse bagashiramwo ubusuma, uburyarya, ubwicanyi, .. kugira barondere ubutunzi bwa hano kw'isi. Ivy'umuntu aronka vyose birayoka mugihe atashimye kubishiranwo Yesu. Igihe co gupfa ntaco bamuhambana.

Yesu arongerera ati : « Ni jewe mutsima w'ubugingo. » Mu bihe vya kera, Igihe yavugana na Mose yamubwiye ati : **NDIHO** niryo zina ryanje. Ndi uwo ndiwe. **UHORAHO** niwe ndiho. Muri iki gihe aravuga mu gitabo ca Yohana ati ndi :

- Umutsima w'ubugingo (6:35),
- Irembo ry'intama (10:7, 9),
- Ugupfa n'ukuzuka (11:25),
- Umuzabibu w'ukuri (15:1, 5).
- Umuco w'isi (8:12, 9:5),
- Umwungere mwiza (10:11, 14)
- Inzira ukuri n'ubugingo (14:6),

Yesu yiyerekanye m'uburyo bwinshi kugira abantu bahebe bamutahure babone gushikira ingabire y'agakiza. Wokwibaza uko umwakira m'ubuzima bwawe.

### **III. Amatati atewe n'inyigisho za Yesu.**

Yesu amaze kubigisha ibi ; baramwidodombera umur wa 42. ; Batanako ishavu umur wa 52. umur wa 53 « *ni mutarya umubiri w'umwana w'umuntu ngo munywe amaraso yiwe, nta bugingo mwogira muri mwebwe.* » Yesu yakoresha imvugo y'Ijuru nabo bashaka ivy'umubiri.

Ivyagezwe vyarabuzwa kunywa amaraso (Ubuseri ) y'ibitungwa none we ababwiye ko bazonywa ayiwiwe. Ntiyariko avuga isangira ryera, yavuga ububasha bw'amaraso yiwe mukoza ivyaha vy'abari mw'isi. Abayuda ntibibaza ko Mesiya yoje ameze uko kandi akora uko. Vyarumvikana ko haduka amatati atewe no kudatahurana narirya bari bazi aho yavukiye kandi akiri muto gutrye.

### **IV. Ijambo riragoye bamuvuye inyuma.**

**Soma yoh 6 : 60-66.** Mugihe bamwe bari babijeje ko baje kurya imitsima n'amafi bataguze ; none bumvise ibihushane. Bahisemwo kumuva inyuma. Uku niko amashengero menshi ahitamwo kwigisha inyigisho zorohera abantu mugutinya ko bava mu masinagoga yabo. Ukuri bakakunyegeza, ntibubahuke kwerekana icaha cakoze kandi vyotumye uwazimiye azimuruka.

Umwigishwa wa Kristo ni uwo yemera kwigishwa ukuri, naho ivyo asabwa vyoba bigoye, asabwa kuvyumvira. Ntakigoye kuwatoranijwe.

**Umurongo wa 64 :** « *Kuko Yesu yahereye ubwa mbere azi abatizera.* » Kuba mubatonda k'umusi w'Imana m'urusengero si icemezo 100% c'uko wakiriye Kristo. Uzomenyekana mu gihe c'ikibazo k'ubuzima bwawe. Ukwihangana kwawe niho kuzomenyekanira. Awufise agakiza ntigatakara.

## **V. Gushira mu ngiro/ Abigishwa b'ukuri.**

Soma umur **wa 67-69**. Iyi nyishu ya Petero yerekana ko yatahuye Yesu Kristo uwamuhamagaye. Nta handi haboneka amajambo y'ubugingo atari kwa Yesu Petero yerekana ko Imitsima y'umubiri atariyo yamuzanye mu gikorwa c'Imana. Yaramaze kurya Kristo. Ntacomunyiganyiza kuco yakiriye.

M'urugendo rwo gukurikira Yesu, urasabwa kumva ko wabambanye na Kristo, utakiriho, ariko ari Kristo abaho muri wewe. Bisigura ko uha Yesu ubuzima bwawe bwose akaba Umwami n'Umucunguzi wawe. Vyose bishobokera uwizera. Senga.